

DIS BAGAY PRENSIPAL MÈT KAY YO TA DWE KONNEN

1

KALITE LOKASYON

Ou ka ofri yon lokatè yon kontra lwaye, sa ki jeneralman dire yon lane, oswa yon kontra lokasyon a-volonte vèbal oswa alekri, sa ki dire de mwa-an-mwa. Yon kontra lokasyon a-volonte ofri plis fleksibilite, men yon kontra lwaye ofri plis sekirite.

2

ETABLISMAN DEBAZ YO

Chak inite lokasyon dwe gen yon fou ak recho kap fonksyone byen, twil dèyè chak fenèt anba senkyèm etaj la, ak kadna fonksyonèl nan tout fenèt ak antre/soti pòt yo. Ou pa oblije bay frijidè, pèsyèn oswa sal lesiv, men si ou ofri yo, ou dwe antreteni yo.

3

CHOFAJ AK SÈVIS PIBLIK

Yon lokatè ka sèlman gen obligasyon pou peye pou sèvis piblik si gen kontè separe pou chak sèvis yo chaje. Ou dwe peye pou chofaj ak dlo cho sof si oumenm ak lokatè w te siyen yon kontra alekri ki di lokatè a dwe peye.

4

SELEKSYON LOKATÈ YO

Ensiste sou referans yo ak prè travay se fason pou seleksyone potansyèl lokatè yo. Ou ka mande potansyèl lokatè yo ki pa kapab bay referans oswa ki pa sanble gen ase sous revni stab pou genye yon ko-siyatè.

5

DEPO SEKIRITE AK DÈNYE MWA LWAYE

Nan kòmansman lokasyon an, ou ka legalman mande yon lokatè pou peye dènye mwa lwaye a alavans ak yon depo sekirite nan yon kantite lajan ki pi elve pase ekivalan lwaye yon mwa ak yon depo sekirite nan yon kantite lajan ki pi elve pase yon mwa lwaye. Si ou kolekte yo, ou dwe pami lòt bagay, bay resi apwopriye, peye enterè sou yon baz anyèl e nan depo sekirite, mete lajan nan yon kont separe nan yon bank ki lokalize nan Massachusetts. Li enpòtan ke ou konfòme avèk kondisyon strik nan [lwa sou depo sekirite](#).

6

FRÈ LEGAL AK ILEGAL

Ou ka legalman chaje yon lokatè pou premye ak dènye mwa lwaye, depo sekirite, ak frè pou fèmti. LI ILEGAL pou w chaje yon frè pou kenbe, frè pou bèt domestik, oswa frè koutye/rechèch. Ou dwe chaje yon frè koutye/rechèch si ou se yon ajan imobilye lisansye e ou gen yon kontra siyen avèk lokatè a.

Si ou bezwen plis asistans, vizite boston.gov/housingstability oswa rele oswa Imèl nou nan: (617) 635-4200 oswa housingstability@boston.gov

DIS BAGAY PRENSIPAL MÈT KAY YO TA DWE KONNEN

7

RE-ENSPEKSYON INITE LWAYE YO

Nan pifò ka yo, mèt kay yo gen obligasyon dapre lalwa pou fè enspekte apatman lwaye yo pou konfòmite avèk Kòd Sanitè Eta touswit apre yo fin re-lwe l avèk nouvo okipan yo.

8

PEMAN LWAYE ATAN

Pa gen “peryòd gras” pou peman lwaye. Ou gen dwa a lwaye a nan jou ki spesifye pa tèm lokasyon an. Ou ka chaje yon frè reta men sèlman si gen yon kontra lwaye alekri anvigè ki otorize l. Menm nan ka sa, yo pa ka chaje frè sa sof si lwaye a gen omwen 30 jou reta.

+

Si lokatè w anreta nan lwaye l oswa gen difikilte pou peye, yo kapab kalifye pou asistans lwaye nan Vil oswa Eta a. Tanpri vizite boston.gov/rentalrelief pou w jwenn plis enfòmasyon.

9

MEDYASYON

Si oumenm ak lokatè w gen yon konfli ou pa ka rezoud ant nou menm, ou ta dwe konsidere medyasyon. Medyasyon se yon pwosesis enfòmèl kote oumenm ak lokatè w ka eseye jwenn yon rezolisyon avèk èd yon medyatè san patipri.

Si ou bezwen medyasyon, tanpri kontakte Biwo Estabilite Lojman nan (617) 635-4200 oswa housingstability@boston.gov.

10

DEGÈPISMAN

Si ou te epwize tout lòt opsyon yo e ou bezwen pou degèpi yon lokatè, ou dwe mete fen nan lokasyon an avèk avi alekri apwopriye epi apresya depoze yon rezime pwosesis aksyon nan tribinal. Lwa Avi sou Estabilite Lojman mande mèt kay yo pou bay yon Avi sou Dwa ak Resous Lokatè anmenmtan avèk Avi pou Soti oswa Avi Non-Renouvèlman yon kontra lwaye. Aksyon sa a mande tou pou mèt kay yo bay Biwo Estabilite Lojman yon kopi nan Avi pou Soti oswa non-renouvèlman lwaye, ak yon Sètifika Konfòmite/Sèvis. Anpil mèt kay anboche avoka pou ede yo nan sa ki kapab yon pwosesis chè, long ak konplike. Si ou abite nan yon bilding yon mèt kay abite epi satisfè lòt kritè, ou kapab kalifye pou asistans legal gratis nan Pwojè Volunteer Lawyer. Tanpri kontakte (617) 603-1700 oswa celhp@vlpnet.org.

Si ou bezwen plis asistans, vizite boston.gov/housingstability oswa rele oswa Imèl nou nan: (617) 635-4200 oswa housingstability@boston.gov